УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№4 (13866)

2024 гъэ, щIышылэм (январым) и 20, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъу псалъэ

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэгъуэгум щыпсэухэм яхъуэхъуащ Черкесск къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжрэ илъэс 80 зэрырикъуамкIэ.**

## Я щIыхьыр дохъумэ

«ЩIышылэм (январым) и 17-р — Къэрэшей-Черкесым и махуэгъэпсым и фэеплъ махуэ лъапIэщ. 1943 гъэ жыжьэм ди хэку цIыкIум и къалащхьэр — Черкесск, нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжауэ щытащ.

Мазитхурэ махуиблрэкIэ ди хэгъуэгум и къалащхьэр зэрыта къэухъуреихьыныгъэ хьэлъэр тщыгъупщэ хъунукъым. Ар ди тхыдэм и напэкIуэцI фIыцIэ дыдэхэм ящыщщ, Къэрэшей-Черкесым и къуэфIпхъуфI мин бжыгъэм я гъащIэр зыхалъхьащ. Ауэ, дауэ ди лъэпкъхэм къатегуплIа хьэзабхэр мыхьэлъами, абыхэм зэпаудыфакъым ди цIыхухэм я псэ къару быдэр, ТекIуэныгъэр зыIэрыгъыхьэным хуаIа пабгъэныгъэр. Фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтынымкIэ бэнэныгъэр зы махуи зэпыуакъым советыдзэм Черкесск къалэр хуит къащIыжыхун. А зэхэуэ хьэлъэхэр зи нэгу щIэкIахэм яхэтащ ди хэкуэгъухэри.

Ди нэхъыжьхэм къагъэлъэгъуа гуеигъэм и фIыщIэщ нобэ дызыщыпсэу республикэ, къалэ хуитыр. Нноби, Урысейм и ЛIыщхьэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, лэжьыгъэшхуэ къызэгъэпэща мэхъу хэгъуэгум и зыужьыныгъэмрэ зэIузэпэщыныгъэмрэ хуэгъэзауэ. ТекIуэныгъэр къэзылъэщахэм я щIэблэм пащэ нэхъыжьхэм къызэранэкIа, гуеигъэрэ хахуагъэрэкIэ псыхьа зауэлI гъуэгуанэр, лIыхъужьыгъэ къыщагъэлъагъуэу СВО-м хэтхэщ.

**ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ!**

Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу Черкесск къалэр хуит къыщащIыжам и фэеплъ махуэщIымкIэ! Ди ветеран лъапIэхэм ди щхьэр яхудогъэщхъ. Я фэеплъыр игъащIэкIи тхъумэнущ республикэ къалащхьэм и зауэлI-хуиткъэщIыжакIуэхэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, къэкIуэну гъащIэ хуитыр, фIэщхъуныгъэ лъапIэр къытхуэзылъэщахэм!» — щитхащ Темрезов Рэшид и телеграм каналым.

Зыхуэгъэзэныгъэ




**КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм щыпсэухэм захуигъэзащ Ленинград блокадэм и фэеплъ махуэм и щIыхькIэ.**

«Нобэ, щIышылэм и 18-м, ди къэралым щагъэлъапIэ Ленинград блокадэр зэрыпхатхърэ илъэс 81-рэ зэрырикъур.

А махуэр ди къэралым и тхыдэ къэхъукъащIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ар хъуащ Хэку зауэшхуэм Ленинград лъэныкъуэмкIэ советыдзэм щызыIэригъыхьа ехъулIэныгъэхэм я нэхъ ин, ленинграддэсхэм, къэралым щыпсэу дэтхэнэми и гум ТекIуэныгъэмкIэ фIэщхъуныгъэр щигъэбыдэу.

Нобэ фIыщIэ псалъэхэмкIэ дигу къыдогъэкIыж «Искра» операцэм и ЛIыхъужьхэм я цIэхэр, Ленинград ихъуреягъкIэ иращIэкIауэ щыта блокадэр пхызытхъахэр. Абыхэм ящыщщ ди хэкуэгъухэр, лъэпкъэгъухэр, Къэрэшей-Черкесым щыщхэр.

Ди щхьэр яхудогъэщхъ совет зауэлIхэм я фэеплъым, зи гъащIэхэр къэхъукъащIэ гуауэм ихьахэм, а щIыпIэм щхьэузыхь зыхуэзыщIахэм, къытщIэхъуэ щIэблэм и хуитыныгъэмрэ насыпымрэ щIэзэуахэм. Абыхэм я лIыгъэ уардэр ену псэунущ! Ди щхьэр яхудогъэщхъ ветеранхэм! ЛIыхъужьхэм — мыкIуэдыжын щIыхь!» — телеграм-каналым щитхащ Темрезов Рэшид.

Инфраструктурэ

## Зыужьыныгъэ гъуэгукIэ

Домбай курорт жылагъуэм щызэрагъэзэхуэжри нэхъ бгъуфIи щащIащ бгы къежэхыпIэ километр 16, яухуащ къежэхыпIэ километр 1,18-рэ. А псори зэфIагъэкIащ инфраструктурэ бюджет кредит (ИБК) ахъшэкIэ.

Бгы - лъэрыжэ къежэхыпIэхэр къызэгъэпэщащ спорт зыгъэпсэхуныгъэм тегъэпсыхьа оборудованэ лъэрыхьхэмкIэ, гъуэгухэр зэIымыхьэным и плъыру щытыну инженер ухуэныгъэхэмкIэ.

КъЧР-м и Iэтащхьэм ипэкIэ зэрыжиIащи, инвесторхэм хьэщIэщхэр, гъущI кIапсэ гъуэгухэр, бгы-лъэрыжэ къежэхыпIэхэр Домбай щаухуэным, апхуэдэуи курортыр щызу инфраструктурэ и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэща хъуным теухуа унафэ къихьащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм фейдафIэу къыхуагъэсэбэп зыужьыныгъэ Iэмал къулейхэр, «Новые инвестиционные проекты» Iэмалыр, инфраструктурэ бюджет кредитыр.

КъинэмыщIауэ, хэгъуэгум и Iэтащхьэм республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хуригъэхьа ЗыхуэгъэзэныгъэмкIэ хэгъуэгум туризмэмрэ курортхэмрэкIэ и Министерствэм хуигъэуващ хэгъуэгу программэ щхьэхуэ къагъэщIыну. Абы и купщIэщ «Теберда-Домбай» турист-рекреацэ комплексым и зыужьыныгъэм тележьэныр, 2024 гъэм икIэм Домбай амбулаторэ дащIыхьыныр.

КъыхэгъэщыпхъэщI, УФ-м и Правительствэм хэгъуэгухэм я зыужьыныгъэм хуэунэтIа лэжьыгъэр зэпигъэукъым. Абы хуолажьэ инфраструктурэ бюджет кредитри. ИБК-м и фIыщIэкIэ, 2023 гъэм къриубыдэу, псэуалъэ 200 яухуэри яутIыпщащ. Апхуэдэ лъэныкъуэфIыр къыхигъэщащ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

«Инфраструктурэ ухуэныгъэр ди лэжьыгъэ, къалэн нэхъыщхьэщ. Абы хэгъуэгухэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ заригъэужьынущ, цIыхухэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэнущ. Илъэс кIуам Iуэху куэд зэфIэтхащ: хэгъуэгу 42-м псэуалъэ 215-рэ щыдухуащ. Проектхэм я нэхъыбэр зытеухуар ЖКХ-ращ. Жылагъуэ транспорт 638-рэ хэгъуэгухэм яIэрыдгъэхьащ. Мы гъэми инфраструктурэм и зыужьыныгъэм теухуа лэжьыгъэм пытщэнущ», — жиIащ Хуснуллин Марат.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Москва къалэ

Гъэлъэгъуэныгъэ — форум

## «Хэку цIыкIур — Урысейм и къарущ»

Москва къалэм, «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и утыкум, «Хэку цIыкIур — Урысейм и къарущ» къыхуеджэныгъэм щIэту зэIущIэ щекIуэкIащ.

Ди хэгъуэгум икIа, республикэм и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщI Уэз Мурат зи пашэ, нэрыбгэ 30-м щIигъу зыхэт гупыр абы хэлэжьыхьащ.

Къапщтэмэ, ди къэралым и хэгъуэгу 89-м щыщу муниципальнэ къэхъугъэхэм я лIыкIуэ мини 7,5-рэ япэрейуэ зы щIыпIэм щызэхуэсащ.

Форумыр ирагъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ. Къызэзыгъэпэщар щIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ Урысейпсо ассоциацэращ.

«Сила в людях» зэпсэлъэныгъэ утыкум къыщыпсэлъащ ди къэралым и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенко Сергей. Форумым хэтхэм захуигъазэкIэрэ, абы къыхигъэщащ властым и къулыкъухэм ящыщу муниципальнэ къулыкъущIэхэр цIыхухэм нэхъ зэрапэгъунэгъур, абы къыхэкIыу, къэралымрэ цIыхубэмрэ яхуэлэжьэныр я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

«Властым къыбгъэдэкIыу цIыхум япсэлъэнымкIэ фэ псоми фарипашэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ муниципальнэ къулыкъур лэжьыгъэ тыншу зэрыщымытыр, ар цIыхубэм уазэрыхуэлэжьэну IэнатIэщ», — жиIащ Кириенко Сергей.

ЗэIущIэм къекIуэлIахэм къыхагъэщащ ди къэралым щIыпIэ самоуправленэм зыщегъэужьыным и лъэбакъуэщIэу мы форумыр зэрыщытыр. АтIэ, муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэр псори зэгъусэу япэрейуэ зы щIыпIэм щызэхуэзащ. Ахэр нэхъри игъэгушхуащ ди къэралым и хэгъуэгу къэс и ехъулIэныгъэхэр къыздыщагъэлъэгъуа «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и утыкум зэрыщызэхуэзам.



КъинэмыщIауэ, зэпсэлъэныгъэ-зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ цIыхухэм я лъэкIыныгъэхэм загъэужьыным, муниципальнэ унафэщIхэм я IэщIагъэ щIэныгъэм зэрыхагъэхъуэным яхьэлIа упщIэхэм.

«Нобэ Урысейм ехъулIэныгъэ иIэу щофIакIуэ социальнэ лъэныкъуэгъазэхэр. Абыхэм ящыщ зыщ егъэджэныгъэр. Ди гъащIэ псом деджэныр – зэманым къытхуигъэув Iуэхущ. Къэралым и управленэм лэжьыгъэкIэ, IэнатIэкIэ, щIэныгъэкIэ зыщызужьыну хуейхэмкIэ президент Академием программэ къыщызэрагъэпэщащ. Абдеж щIыпIэ нэхъыщхьэ щызубыдыр «Губернаторхэм я еджапIэ» жыхуиIэращ. Абы къыщIигъэкIа нэрыбгэ 51-р хэгъуэгухэм я унафэщI хъуащ, цIыхуи 5-р федеральнэ министр лэжьыгъэм пэрытщ. Нэгъабэ Академием лэжьэн щыщIидзащ «Мэрхэм я еджапIэ» жыхуиIэм. Абы щIэс нэрыбгиплIыр еджэ щIыкIэ я IэнатIэкIэ дэкIуеящ. Абыхэм къагъэлъагъуэ мы егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм и фIагъыр. Академием адэкIи пищэнущ ди къэралым и щIалэгъуалэ зэчиифIэхэр къэлъыхъуэнымрэ абыхэм загъэужьынымрэ», — жиIащ президент Академием и ректор, «Урысейр — лъэкIыныгъэхэр здэщыIэ къэралщ» АНО-м и генеральнэ унафэщI Комиссаров Алексей.

Москва щекIуэкI ВДНХ-м и утыкум зы махуэм зэпсэлъэныгъэ-зэIущIи 3, Iэнэ хъурей 32-рэ, лекцэ 25-рэ щекIуэкIащ. Форумым къыщагъэлъэгъуащ ВАРМСУ-м и муниципальнэ проектышхуиплI. КъинэмыщIауэ, «Муниципальный диалог-2023» марафоныр зэрекIуэкIар къапщытэжащ.

**Зыгъэхьэзырар ЕЗАУЭ Маринэщ**

ВДНХ-м къикIыу

**«Урысей» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым ипкъ иту ВДНХ-м щIышылэм и 19-м щегъэжьауэ и 23-м нэгъунэ «Родные – Любимые» Урысейпсо унагъуэ форумыр щекIуэкIынущ.**

## Унагъуэ лъапIагъэр

Къэрэшей-Черкесым а форумым щэнхабзэ программэ утыку ирихьэнущ. Апхуэдэщ мастер-классхэр, художественнэ фильмыр. Къэрэшей-Черкесым и стендым щIышылэм и 20-21 махуэхэм сыхьэтыр 11:00-13:00-м къриубыдэу керамикэм, упщIэм хьэпшып къыхэхынымкIэ «Традиции гор» мастер-классыр къыщызэрагъэпэщынущ. Ар игъэлъэгъуэнущ Малэкъэрэшей щыщ Узденовхэ я унагъуэм.

А махуэ дыдэхэм сыхьэтыр 15:00 -17:00-м къриубыдэу, «Звук гор» макъамэ мастер-классыр Хьэбэз районым щыщ Чырбыжхэ я унагъуэм къызэригъэпэщынущ.

КъинэмыщIауэ, зи №36-рэ павильоным «Испытание аулом» комедиер щагъэлъэгъуэнущ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар Къэрэшей-Черкесым щытрахащ.



Чырбыжхэ я унагъуэр

Аращи, форумыр къэрал псом щыщ унагъуэхэр, балигъхэмрэ щIэблэмрэ зэрызыгъэубыд, я зэфIэкIхэмкIэ зэдэзыгъэгуашэ утыку хъунущ.

ЩIышылэм и 20-22 махуэхэм къриубыдэу гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и павильон псоми унагъуэхэм я махуэхэр щекIуэкIынущ: мастер-классхэр, зэпеуэхэр, театр гъэлъэгъуэныгъэхэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр яупщэфIынущ, жармыкIэхэр къызэрагъэпэщынущ.

«Родные – Любимые» форумым и къызэгъэпэщакIуэу къэуващ «Движение Первых» зэгухьэныгъэр, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ Федеральнэ агентствэр, УФ-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ хъумэныгъэмрэкIэ и Министерствэр, «Знание» Урысей жылагъуэр, «Дирекция выставки достижений «Россия» АНО-р.

«Родные – Любимые» Урысейпсо унагъуэ форумыр щIышылэм и 19-м концертышхуэкIэ къызэIуахынущи, и зэхуэщIыжыгъуэми «Регионы России» павильоным деж щIышылэм и 23-м концерт программэ щагъэзэщIэнущ.

«Урысей» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым ипкъ иту, ВДНХ-м щIышылэм и 19-23 махуэхэм «Родные – Любимые» Урысейпсо унагъуэ форумыр щекIуэкIынущ.

Абы ипкъ иту, Къэрэшей-Черкесым хыхьэ Усть-Жэгуэтэ районым щыщ Евдокимовхэ я унагъуэ быныбэр «Династии России» зэхьэзэхуэм ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтынущ.

Сергейрэ Иннэрэ илъэс 22-рэ хъуауэ унагъуэу зэдопсэури, быний зэдагъуэтащ: Аделинэ, Иванэ, Вероникэ, Николинэ, Евникэ, Михаил, Есфир, Мелиссэ жэуэ. Сабийхэр псори макъамэм хуоджэ. Хэт скрипкэм, хэт фортепианом, хэти трубам йоуэ.

2023 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Евдокимовхэ я унагъуэм «Родительская слава» орденыр къыхуагъэфэщащ.

ЖыIэпхъэщи, Евдокимовхэ мыр я япэ зэхьэзэхуэкъым. Апхуэдэу ахэр хэтащ «Лучшая семья Карачаево-Черкесской Республики», «Семья года» зэпеуэхэм.

**Зыгъэхьэзырар ЧЫРБЫЖ Иринэщ**

Проект

## IэмалыфI

Къэрэшей-Черкес Республикэм туризм къудамэм щылажьэхэм лъэкIыныгъэ яIэщ «Мастера гостеприимства» турист проектым хэтынымкIэ.

Проектыр «Россия — страна возможностей» президент утыкум и жэрдэмщ икIи Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэр ирегъэблагъэ къэралым и турист проект нэхъыщхьэм и еплIанэ егъэкIуэкIыгъуэм хэтыну.

Абы хэтынухэм лъэкIыныгъэ ягъуэтынущ я цIэр ягъэIунымкIэ, я IуэхущIафэм гулъытэ зэрыкъэралу хурагъэщIынымкIэ.

Ятыну саугъэтхэри апхуэдэ зыужьыныгъэм щхьэпэнущ.

Проектым хэтыну хуейм мы гъэм щIышылэм и 30-м нэгъунэ **welcomecup.rsv.ru.** сайтым зыщыщIитхэн хуейщ.

**Ди корр.**

«Точка роста»

## ЩIэныгъэ купсэщIэхэр

Мы гъэм «Точка роста» егъэджэныгъэ купсэ 19 Къэрэшей-Черкесым къыщызэIуахынущ.

НобэкIэ, «Современная школа» проектым ипкъ иту, республикэм естественно-щIэныгъэ, технологие лъэныкъуэхэм хуэгъэза апхуэдэ купси 131-рэ щолажьэ.

ИлъэсыщIэ къихьам икIэм нэс «Точка роста» купсэхэм я бжыгъэр 150-м нагъэсынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, а купсэхэр къыщызэрагъэпэщ къуажэ, къалэ мыинхэм дэт курыт еджапIэхэм хэту. Ар «Егъэджэныгъэ» федеральнэ лъэпкъ проектым хыхьэ «Современная школа» проектым ипкъ иту ялэжь Iуэхущ.

Купсэхэр дэIэпыкъуэгъушхуэ мэхъу курыт еджапIэхэм щадж «Химия», «Физика», «Биология» дерсхэм зэманым декIу Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ ныбжьыщIэхэр хэгъэгъуэзэнымкIэ, абыхэм я щIэныгъэ къэухьым, я лъэкIыныгъэхэм нэхъри зегъэужьынымкIэ, естественно-щIэныгъэ, технологие лъэныкъуэхэмкIэ егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, ахэр нэхъри кууэ джыным дегъэхьэхынымкIэ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

ТхылъыщIэ



# «Iэдииху и дыгъэ бзий»

**ТхылъыщIэ утыку къихьэныр — ар къэзыгъэщIамкIэ, зи IэдакъэщIэкIымкIэ мыхьэнэ ин зиIэ къэхъукъащIэщ. Псом хуэмыдэжу ар гухэхъуэщ, авторым и Iэдакъэ къыщIэкIа япэ тхылъу щыщыткIэ...**

**ЩIышылэм (январым) и 17-м печатым и Унэм лъэтеувэ щыхуащIащ ГЪУЭЩОКЪУЭ (Жумай) Мадинэ Хъызыр и пхъум и усэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэкIа «Iэдииху и дыгъэ бзий» тхылъым.**

Авторым зэрыжиIамкIэ, и усыгъэхэр зэрыт дунейм къытегъэхьэныр и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу куэд щIауэ къекIуэкIт. Арами, ар зэрымыIуэху псынщIэр къыгурыIуэти, иужь ихьэну хуэгузавэтэкъым.

Мадинэ нэIуасэ къыхуэхъуа зы бзылъхугъэ гуащIафIэм — Урысейм и бзылъхугъэхэм я Союзым и хэгъуэгу къудамэм и пашэ Борлаковэ Маринэ и фIыщIэкIэ, и дэIэпыкъуныгъэкIэ, тхылъыр дунейм къытехьащ.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм къеблэгъащ КъЧР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкIэ и министр Есенеев Мурат, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Борлаковэ Маринэ, Къэрэшей-Черкес тхылъ тедзапIэм и унафэщI, тхылъыр дунейм къытехьэныр техническэ и лъэныкъуэкIэ пIалъэ кIэщI дыдэкIэ зэфIэзыгъэкIа Боюнсузовэ Розэ, тхылъым и авторым и къуажэгъу, нэхъыжьыфI Джатэ Мурадин, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Даур Борис, Хьэбэз районыр, зэрыадыгэу дызэрыгушхуэ «Вагъуэбэ» Iэмэпсымэ ансамблыр, нэгъуэщIхэри.

Къэрэшей-Черкес тхылъ тедзапIэм и унафэщIым и пэублэ псалъэмкIэ фIыщIэ ин яхуищIащ Гъуэщокъуэ Мадинэ и «Iэдииху и дыгъэ бзий» тхылъыр дунейм къытехьэным зи гуащIэ хэзылъхьахэм, а лэжьыгъэр икIэщIыпIэкIэ къыдэзыщта министрым, лэжьыгъэр гуэщIыным хэлIыфIыхьа дэтхэнэми.

КъытеувыIащ Гъуэщокъуэм и IэдакъэщIэкI усэхэм, абыхэм яхэлъ хэкупсагъэ-лъэпкъыпсагъэм, ахэр лирическэуи зэрыгъэпсам, ауан, граждан еплъыкIэхэр зэрыхэлъым, сабий усэ куэди зэриIэм. Ахэр жылагъуэм гъэщIэгъуэн зэращыхъунум шэч къызэрытримыхьэри жиIащ.

Есенеев Мурат авторым хъуэхъу гуапэкIэ зыхуигъэзащ, фIыщIэ хуищIащ тхылъ щхьэпэ къызэрыдигъэкIамкIэ, бын хъарзынэхэр зэригъэсамкIэ. ДяпэкIи и творческэ лэжьыгъэм ефIэкIуэну зэрыщыгугъри жиIащ.

Гу зылъытапхъэщи, Гъуэщокъуэ Мадинэ и творчествэм Iыхьэ хэха щаубыд хэкупсэ усэхэм. Апхуэдэхэм мыхьэнэшхуэ ягъуэт нобэ къэралым и къуэ пажэхэм Хэкум и щIыхьыр щахъумэ пIалъэм. Мадинэ и щIалэ нэхъыжьри СВО-р къызэрежьэрэ хэтщ, жыджэру, и цIэр фIыкIэ ираIуэу къулыкъу ещIэ, майорщ. ЖыпIэнурамэ, утыку кърахьа тхылъыр къыдэгъэкIынми щIэдзапIэ хуэхъуар а Iуэхугъуэрауэ плъытэ хъунущ. А щытыкIэм пэшым щIэсахэр щигъэгъуэзащ Борлаковэ Маринэ:

— Хэти зэрыфщIэщи, ди Союзым илъэс къэс ди бзылъхугъэхэм яфI къызыхэкIын Iуэхугъуэ зэхуэмыдэ куэд къызыдогъэпэщ. ГуащIэдэкIымкIэ жыджэр, гъащIэ еплъыкIэ гъэщIэгъуэн зиIэ бзылъхугъэхэр къызыхыдошэ. Ноби сыхуейщ нэрыбгэ бжыгъэ къыткъуэувэну...

Иужьрей илъэситIым ди лэжьыгъэр зыхуэунэтIар СВО-м щыIэ ди ныбжьыщIэхэм я анэхэм гулъытэ яхуэщIынращ. ИкIи, апхуэдэ зы зэхыхьэм сэ мы бзылъхугъэ гуакIуэм — Гъуэщокъуэ Мадинэ нэIуасэ сыщыхуэхъуащ. ИужькIэ ар ди Союзми къыхэтшащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм ар къытхуеджащ езым и IэдакъэщIэкI усэ гущIыхьэм. СыщIэупщIэурэ, усэ куэд зэриIэр, ахэр тхылъу къыдигъэкIыну зэрыщIэхъуэпсыр къыщысщIэм, дэIэпыкъуэгъу сыхуэхъуну мурад сщIащ. ИкIи, Боюнсузовэ Розэ и дэIэпыкъуныгъэкIэ дызыхущIэкъуар къыддэхъуащ, — къыхигъэщащ Борлаковэ Маринэ.

Гъуэщокъуэ (Жумай) Мадинэ и творчествэр япэ дыдэ щIэджыкIакIуэхэм къахуэзэIузыха «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ къытеувыIащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр хэкупсагъэ-лъэпкъыпсагъэ къызэрымыкIуэкIэ гъэнщIауэ зэрыщытым.

— Зэкъым Гъуэщокъуэ Мадинэ и творчествэр ди адыгэ газетымкIэ утыку къызэритхьар. Гуапэ зэрытщыхъуну, сыт щыгъуи усакIуэм и тхыгъэхэм къыподжэж, фIыщIэшхуэ къыхуащI авторым и хэкупсэ-лъэпкъыпсэ IэдакъэщIэкIхэм, сабийхэм ятриухуэ усэхэм папщIэ.

Си щхьэкIэ, афган зауэм щыIа ди щIалэхэм ятезухуа си тхылъыр дунейм къыщытехьам, абы кIэщIу къыкIэлъигъэкIуауэ щытащ усэ гущIыхьэ, ди щIалэ щыпкъэхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм теухуауэ...

ФIыщIэ ин яхузощI Мадинэ гулъытэ къыхуэзыщIа, и тхылъыр дунейм къытехьэным хэлэжьыхьа дэтхэнэми. Шэч хэмылъу, а гулъытэр усакIуэм хуэфащэщ. Дохъуэхъу авторым и творчествэм адэкIи зиужьыну, ефIэкIуэну, — жиIащ газетым и редактор нэхъыщхьэм.

НэгъуэщIу, пшыхьым къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ Гъуэщокъуэ Мадинэ къызыхэкIа лъэпкъым ипхъу щыпкъэу зэрыщытыр, и творчествэмкIэ республикэм щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэпищIэр.

— Сызыхуеджар бухгалтер Iуэхурами, усэ тхыныр си гъащIэкIэ къыздогъуэгурыкIуэ. Зэпымыууэ усэ сатырхэр си псэм къыдоуш, абыхэм гупсэхугъуэ къызат. ФIыщIэ мыухыж яхузощI си хъуэпсапIэр нэхуапIэ къысхуэзыщIауэ хъуам, Борлаковэ Маринэ, Боюнсузовэ Розэ сымэ я деж къыщегъэжьауэ, — дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуа, къыхуэгуфIа, къехъуэхъуа псоми фIыщIэ яхужиIащ авторым.

Тхылъым и лъэтеувэр ягъэдэхащ Ашыбокъуэхэ Азэмэтрэ Асярэ я нэIэм щIэту ягъасэ «Вагъуэбэ» ныбжьыщIэ ансамблым игъэзэщIа лъэпкъ макъамэ телъыджэм.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

# «Газетым и лъэр нэхъри быдэ хъуну!»

ЗыхуэкIуэ и лIыщIыгъуэ гуащIэдэкI гъуэгуанэм къриубыдэу «Черкес хэку»-м и фIэщыгъэцIэр мызэ-мытIэу ихъуэжащ, езыми зихъуэжащ. Газетым и блэкIам, и нобэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ди нэхъыжьыфI ДАУР Жэхьфэр и цIэр икIи абы хужиIэнрэ игу къигъэкIыжынрэ и мащIэкъым.



Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр. 1967 гъэ. Даур Жэхьфэр и журналист лэжьыгъэкIэ "Эркин-Юрт" совхозым щыIэу. Теплъэм фIищащ "Худая кавалерия"...

— Уооо, си хъыджэбз цIыкIу, — жи Жэхьфэр, зэрихабзэу гуапэу, щабэу, — газетым илъэс куэдкIэ сыщылэжьащ, мащIэкъым зэхъуэкIыныгъэу си нэгум щIэкIари. Абы хужысIэну сызыхуей псори есшажьэмэ, си гукъэкIыжхэм газет напэкIуэцIи, махуи хурикъункъым. Ар — сысейщ! Си Iыхьэщ, си гъащIэм щыщщ!

Уегупсысмэ, уи гур зыгъэпIейтей къэхъукъащIэщ дызыхуэкIуэр — лъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетыр лIыщIыгъуэ ныбжь ирикъунущ. Ар щIыхьышхуэщ, лъэпкъымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Совет Союзым къихьа революцэм и фIыщIэщ ди лъэпкъыбзэмкIэ газет къызэрыдэкIыр. Ноби властыр газетым и щIэгъэкъуэнщ.

Япэ лъэбакъуэр щичамрэ нобэрэ зэплъытмэ, шумрэ лъэсымрэ хуэдэщ газетым игъуэта зыужьыныгъэр. Iэрытхыу къэдгъэщIу щыта тхыгъэхэр иужьым машинкэ Iэрыхуэ цIыкIухэмкIэ теддзэ хъуат. Ауэ ари зырикIщ, нобэ журналист къэс компьютер иIэу, техникэкIэ къызэгъэпэщауэ зэрылажьэм елъытауэ. Пэжщ, иджыри псомкIи зэхурикъуу журналистыр схужыIэнукъым, ауэ нэхъыщхьэр лэжьэн гукъыдэжращи, абыкIэ нобэ «Черкес хэку»-м щылажьэ гупыр къызыхуэтыншэщ. Газетыр къагъэщIыным къарурэ псэрэ гъунэншэу, зыщымысхьыжу ирахьэлIэ абы щылажьэхэм. Ар щынэрылъагъущ газет къыдэкIыгъуэ къэс. Тхыгъэхэр зэхуэмыдэщ, гъэщIэгъуэнщ, республикэм къыщыхъу псори къыщыгъэлъэгъуащ, цIыху гъэщIэгъуэнхэм, цIэрыIуэхэм гулъытэ хуащI... А псори унафэ узыншэм щIэмыту зэфIэкIынутэкъыми, абыкIи гупыр ехъулIауэ къызолъытэ. Газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ тхэнми, газетыр дунейм къытехьэным епха Iуэхугъуэ псоми щыгъуазэщ, гупыр хьэлэмэту зэгуригъаIуэу, иунэтIу яхэтщ.

ЖыпIэнуракъэ, газетым редактор нэхъыщхьэ куэд зэрихъуэкIащ, ауэ зэгуэрми лъэпкъ къыдэкIыгъуэр дунейм къыщытемыхьа, мылэжьэфу щызэхуащIыжа къэхъуакъым.

Си щхьэ закъуэ гупсысэкъым си псалъэр зытесщIыкIыр. ЦIыхум сахохьэрейри, жаIэри, газетым хуаIэ щытыкIэри хьэкъыу соцIыху, я фIылъагъуныгъэри нэрылъагъущ. ЦIыхубэм, жылагъуэм щIэр хэхьэн, бзэр къэIэтыжын — ар газетым и къалэн нэхъыщхьэщи, пылъхьэншэу абы полъэщ. Абы къыщымынэу — щапхъэгъэлъагъуэщ.

Сывохъуэхъу нэхъри фефIэкIуэну, газетым и лъабжьэр быдэну, щIэджыкIакIуэр фи куэдыну!

**ТУАРШЫ Ирэ**

ПсапащIэ Iуэхухэр

# ДэIэпыкъуныгъэр игъуэу

Къэралым и дэтхэнэ хэгъуэгури пэджэжащ палестинэ цIыхубэр зыхэхуа тхьэмыщкIагъэшхуэм. Къэрэшей-Черкес Республикэми мызэ-мытIэу гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр къызэригъэпэщурэ яхуригъэшащ. Абы къинэмыщIауэ, нэгъабэ икIэм республикэм къригъэблэгъащ зауэм кърихужьа тхьэмыщкIэхэр. Ахэр Мысырым къилъэтыкIри Москва къэсащ, абы къикIри — Невинномысск.

Абдеж гъущI гъуэгу вокзалым гупым щапежьащ ди республикэм и лIыкIуэхэр, волонтерхэр, КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Суюнов Джанибек я пашэу. Псори зэхэту Къэрэшей-Черкесым къеблэгъащ нэрыбгэ 40, абы щыщу 26-р — сабийщ. Псори тыншу автобусхэм ирагъэтIысхьэри Тебэрды и зыгъэпсэхупIэ базэхэм языхэзым яшащ. Ар къызэрагъэпэщащ балигъхэми сабийхэми тынш зэращыхъуным, загъэхуэбэжыным, къыхэмыщтыкIыжу жеиным, махуэм щэнейрэ ерыскъы хуабэ яшхыным сыт и лъэныкъуэкIи тегъэпсыхьауэ.

— ЗэпIэзэрытыныгъэщ псом япэу мы щIыналъэм щызыхэсщIар. Си гур сабырщ, си псэр пIейтейкъым фи хэгъуэгум сыкъызэрихьэрэ. Дэ дыкъызыхэкIар ажалщ, лъыщ, зауэщ, мыбдеж мамырыгъэ хьэуащ къытIурыхьар, — Алхелу Ахьмэд и гупсысэр, тхьэм ирещIи, псоми дащтащ.

АтIэ, адэкIэ дауэ хъуа гупым я псэукIэр, я щыIэкIэр, сабийхэм я еджэныр, бзэр зрагъэщIэныр?

«Уи унэжь нэхъыфI щыIэкъым» жыхуиIэр хэти къыгуроIуэ. Зауэм кърихужьахэри зыщыпсэуа я унэхэм, хапIэхэм щIэмыгупсыскIэ, я пщIыхь къыхэмыхуэкIэ къанэкъым. Арами, къызыхэкIа, къызэла емынэр ягу къыщыкIыжкIэ, шыкур ящI, республикэм и Iэтащхьэм, цIыхухэм фIыщIэ псалъэхэр хужаIэ.

Тебэрды и зыгъэпсэхупIэ базэр пIалъэкIэ псэупIэ зыхуэхъуахэм адэкIэ гъащIэм пащэ. Абы къикIыр аращи, сабийхэр еджэн хуейщ, балигъхэм бзэм, и нэхъ мащIэрами, зыщагъэгъуазэу, зрагъэцIыхуу, я Iуэху гуэри зэрахуэн хуейщ. Абы теткIэрэ, урысыбзэр яджыным зратащ. Апщыгъуэми, еджэр сабийхэм я закъуэкъым, балигъхэри щIэнгъуазэ Iуэхум хыхьащ. Пэжщ, иджыкIэ алыфбейр къызэрыкIуэ, нэхъ псынщIагъуэ псалъэхэращ зрагъэцIыхур. Къатехьэлъэми, урысыбзэр хуэм-хуэмурэ къагъэIэрыхуэ. АтIэ, ахэращ нэхъыбэу зыхуэныкъуэнур ныбжьэгъу, гъунэгъу къагъуэтын, я Iуэху зэфIагъэкIын папщIэ.

Еджэным къинэмыщIауэ, хьэщIэхэр махуэм щэнейрэ ягъашхэ, республикэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхь, хабзэхъумэ, медицинэ къулыкъухэм я нэIэ трагъэкIкъым.

ЖыIэпхъэщи, апхуэдэ гулъытэмрэ дэIэпыкъуныгъэмрэ пIалъэ пыухыкIа, къэухь иIэкъым. Апхуэдэу щытынущ ахэр къыздикIа щIыпIэм щытыкIэр зэIубз хъужу, я гъащIэмкIэ, узыншагъэмкIэ шынагъуэ щымыIэж хъужыхункIэ, езыхэм ягъэзэжыну тегушхуэжыхункIэ.

Гуапэ зэрыхъущи, ди хьэщIэхэм я нэгухэр наIуэу нэхъ нэжэгужи, нэхъ узыншафи хъужащ, къыщеблэгъахэм елъытауэ. Абы къикIыр арещи, ди щIыналъэ угъурлыр къащхьэпащ, дэIэпыкъуныгъэ Iэпэр игъуэу ялъэIэсащ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Егъэджэныгъэ

# ЕГЭ-м теухуауэ

Къызэрапщытэж къэрал экзаменхэр (ЕГЭ) 2023 гъэм зэрекIуэкIам, мы илъэсым къапэщытым зэрызыхуагъэхьэзырыным теухуауэ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм зэIущIэ щекIуэкIащ.

КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ ди республикэм къэзыпщытэж къэрал экзаменыр щегъэкIуэкIынымкIэ зыпэщIэхуэ ныкъусаныгъэхэр.

КъинэмыщIауэ, экзаменхэм къагъэлъэгъуам япкъ иту ирагъэкIуэкIа къэпщытэжыныгъэхэр наIуэ къищIащ. Ахэр Iуэхум къыхалъытэкIэрэ, мы гъэм ирагъэкIуэкIыну экзаменхэм деж гу зылъытапхъэхэми къытеувыIащ.

— Зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым къэзыпщытэж къэрал экзаменыр еджакIуэхэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ гъэунэхуныгъэу зэрыщытыр, икIи 2024 гъэм ар нэхъри нэхъыфIу, зэIухауэ, пэжагъ хэлъу, технологие и лъэныкъуэкIэ зэпыуныгъэ къэмыхъуу егъэкIуэкIын, Урысей Федерацэм и хабзэм ипкъ иту ныбжьыщIэхэм зэхуэдэ щытыкIэхэр яIэн зэрыхуейр - хьэкъщ!, — жиIащ министрым.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къэзыпщытэж экзаменхэм щIэплъыкIыныгъэр къызэгъэпэща зэрыхъунуми, хъыбар-технологическэ щытыкIэр егъэфIэкIуэнми, нэгъуэщIхэми.

КъинэмыщIауэ, 2023 гъэм екIуэкIа къэрал экзаменхэм жыджэру хэта егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм къыбгъэдэкIа ФIыщIэ тхылъхэмкIэ я цIэр ираIуащ.

**Къэрэшей-Черкесым и курыт еджапIэ 15-р мы гъэм цифровой оборудованэкIэ къызэрагъэпэщынущ.**

# ЛъэкIыныгъэщIэхэр

Абы хохьэ ноутбукхэр, интерактивнэ пхъэбгъухэр, камерэхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «Цифровая образовательная среда» проектым ипкъ иту къаIэрыхьэнущ.

Мы проектыр зэрырагъажьэрэ, ди республикэм зэманым декIу оборудованэкIэ еджапIи 170-рэ къызэрагъэпэщагъэххэщ.

Дызэрыхьа илъэсым икIэм нэсыхункIэ апхуэдэ цифровой техникэхэмкIэ курыт еджапIэу хъуар къызэгъэпэща хъунущ.

**АМИРОКЪУЭ Мадинэ**

## 2024 гъэм КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм ((Парламентым) и Президиумым хэтхэр цIыхухэм щаIущIэну пIалъэхэр

**1. ИВАНОВ Александр Игоревич** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ, мазэм и ещанэ гъубж махуэм, Правительствэм и Унэ, зи № 312-рэ пэш;

**2. СМАКУЕВ Дагир Рэмэзан и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ, мазэм и еплIанэ гъубж махуэм, Правительствэм и Унэ, зи № 322-рэ пэш;

**3. АСЛЪЭНЫКЪУЭ Альбинэ Назир и пхъур** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэм и къуэдзэ, мазэм и япэ бэрэжьей махуэм, Правительствэм и Унэ, зи № 322-рэ пэш;

**4. ЕЧЗЭЧ Муссэ Хьэбалэ и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэм и къуэдзэ, мазэм и ещанэ махуэкум, Правительствэм и Унэ, зи № 322-рэ пэш;

**5. УМАЛАТОВ Владимир Iэмэрбий и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хабзэкъэгъэщIымкIэ, къэрал ухуэныгъэхэмкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и еплIанэ бэрэжьейм, Правительствэм и Унэ, зи № 314-рэ пэш;

**6. ГОЧИЯЕВ Iэдэм Хьэмзэт и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) бюджетымкIэ, финансхэмрэ хьэкълыкъымрэкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и япэ махуэкум, Правительствэм и Унэ, зи № 314-рэ пэш;

**7. ХУБИЕВ Хьэсэн Мыхьэмэд и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ политикэмрэкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и ещанэ блыщхьэм, Правительствэм и Унэ, зи № 321-рэ пэш;

**8. ГАНШИН Алексей Васильевич** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, щIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ туризмэмрэкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и етIуанэ блыщхьэм, Правительствэм и Унэ, зи № 329-рэ пэш;

**9. ПОЛЯКОВ Василий Иванович** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) экономическэ политикэмрэ хыхьэхэкIырылажьэхэмрэкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и ещанэ бэрэжьей махуэм, Правительствэм и Унэ, зи № 154-рэ пэш;

**10. БЫЖ Исмел Абдул - Хьэзиз и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) регламентымкIэ, мандат упщIэхэмкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и япэ гъубж махуэм, Правительствэм и Унэ, зи № 316-рэ пэш;

**11. ТЕМРЕЗОВ Науруз Срапил и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) лъэпкъ политикэмкIэ, зэпыщIэныгъэхэмкIэ, мыкоммерческэ организацэхэм я IуэхухэмкIэ, СМИ-мкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и япэ блыщхьэ махуэм, Правительствэм и Унэ, зи № 318-рэ пэш;

**12. ВЛАСЕНКО Наталье Николаевнэ** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ, ахэр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI, мазэм и еплIанэ махуэкум, Правительствэм и Унэ, зи № 334-рэ пэш;

**13. ЩНАХЪУЭ Кърым Ахьмэд и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) промышленностымкIэ, транспортымкIэ, ухуэныгъэмкIэ, зэпыщIэныгъэхэмрэ энергетикэмрэкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и етIуанэ бэрэжьейм, Правительствэм и Унэ, зи № 318-рэ пэш;

**14. КАТЧИЕВ Исмэхьил СулътIан и къуэр** — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) щIыпIэ самоуправленэмкIэ комитетым и тхьэмадэ, мазэм и еплIанэ махуэкум, Правительствэм и Унэ, зи № 330-рэ пэш;

**ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ**: ЦIыхухэм щаIущIэр сыхьэтыр **9.00-м** щегъэжьауэ **18.00-м** нэгъунэщ (зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр **13.00 - 14.00**), ипэкIэ зыщIэптхауэ щытыпхъэщ. ЗэIущIэр махуэщIым техуамэ, къыкIэлъыкIуэ лэжьэгъуэ махуэм ар ягъэкIуатэ. ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, фыпсалъэ (Черкесск къалэ) мы телефонымкIэ: **8 (878-2) 26-21-74.**

Туризм

# НэхъыфIхэм хабжэ



«Медовые водопады» псыкъелъэ телъыджэхэр

2003 гъэм Къэрэшей-Черкесым и зыгъэпсэхупIэхэм цIыху мелуани 2-рэ мини 103-м зыщагъэпсэхуащ. Ар, 2022 гъэм еплъытмэ, проценти 10-кIэ нэхъыбэщ.

Адрей гъэхэм хуэдэу, мы гъэми зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэрэ къыздекIуэлIа щIыпIэхэм ящыщщ Домбай, Архъыз зыгъэпсэхупIэхэр. Абыхэм къакIэлъокIуэ «Медовые водопады», «Мара» щIыпIэхэр.

Апхуэдэу, 2023 гъэм Домбай деж цIыху мин 961-рэ, Архъыз – мин 915-рэ, «Медовые водопады»-м цIыху мин 186-рэ, «Мара»-м цIыху мин 41-рэ зыщагъэпсэхуащ.

— Ди щIыналъэм зыщагъэпсэхуну къытхуеблагъэхэм я бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъуэм къегъэлъагъуэ ди бгы-лъэрыжэ зыгъэпсэхупIэхэм я гъэпсыкIэм зэрызиужьыр. Къапщтэмэ, илъэс кIуам Домбай жылагъуэм къежэхыпIэ километр 16 къагъэщIэрэщIэжащ, нэхъ бгъуэи ящIащ.

КъинэмыщIауэ, гъуэгу километр 1,18-рэ щIэуэ яшэщIащ. Къыхэгъэщыпхъэщи, «Горы России 2023» лъэпкъ саугъэтым ипкъ иту, бгы-лъэрыжэ зыгъэпсэхупIэхэм я нэхъыфIыр къыхэхынымкIэ щыIа Iэ Iэтым «Архъыз» ВТРК-р ди къэралым щынэхъыфI дыдэу къыхагъэщащ.

Псалъэм къыдэкIуэу, РЖД ОАО-мрэ дэрэ дызэхыхьэри, Ростов областым, Краснодар крайм, КъЧР-м яку дэту цIыхухэр къезышэкI мафIэгухэр дутIыпщащ, — жиIащ КъЧР-м туризмымрэ курортхэмрэкIэ и министр Текеев Расул.

**Зыгъэхьэзырар АМИРОКЪУЭ Мадинэщ**

# БгъэкIуэд мыхъунур...

ЩОРЭ Ахъмэд

*(Къэхъуам тещIыхьа рассказ)*



**КIэухращ. ПэщIэдзэр зи №3 "Черкес хэку" газетым итщ.**

Сэлмэн зыгуэр жиIэнуми, абы зэман иримыту, Мамыржан къэпсалъэри:

– Зыри къэхъуакъым, си хъыджэбз цIыкIу. Си пхъум и деж сыкIуэжмэ нэхъыфIу къэслъытащи аращ, – жиIащ.

– АтIэ, сыт абы емыкIуу хэлъыр? Пхъур пхъущ, зыкъомрэ щыIэнщи, къытхуезэшмэ къэкIуэжынщ. Аракъэ, мамэ? – псалъэхэр гуапэ дыдэу зэригъэIуным пылъу Сарэ зыхуигъэзащ и гуащэм.

– АтIэ, атIэ, ар пэж дыдэщ...

– АтIэ, фэ тIум Iуэхур вбзыри вдыжа хуэдэщи, сыт сэ къысхуэнэжыр? – жиIащ Сэлмэн, тIэкIуи зэрызэгуэпыр уигъэлъагъуу и нэкIущхьитIыр плъыжь къэхъуауэ. Апщыгъуэм абы къыгурыIуэт иджыпсту а тIум жаIа псалъэхэр щхьэфэтегъэжу зэрыщытыр, я гум зы илъу нэгъуэщI зэрыжаIэр. Апхуэдэ къабзэу къыгурыIуэт иджыпсту сыт жиIэми, мыхьэнэ зэримыIэнур, икIи:

– Хъунщ, хъунщ. Щывгъэт а псалъэмакъыр. ТIум жыфIэми седэIуну сыхуейкъым... Сэ лэжьапIэм сыкIуэжын хуейщ. Иджыпсту а псори нэхъыфI зэрыхъунум хуэдэу зэхэгъэкIыгъуейщ, – жиIэри пэшым къыщIэкIащ икIи и машинэм хуиунэтIащ и лэжьапIэм кIуэжыну.

Я нысэм щхьэхуэ зищIыну зэрыхуейм щыгъуазэ хъуат Мамыржан и хъыджэбзри, Салимэ цIыкIуи, икIи пылъащ, псалъэмакъыр унэм щIэкIыу къуажэм хэмыIуэ щIыкIэ, и анэмрэ нысэмрэ зэгуригъэIуэну. Ауэ зыри зэрыхузэфIэмыкIыр щилъагъум и анэр и деж ишэжын мурадыр быдэ дыдэу ищIат: «Си анэр зыми джэгуэн езгъэщIынукъым», – жиIэу. Ауэ и шыпхъум и мурадыр къыщищIэм, Сэлмэн хуидакъым ар.

– Хьэуэ, зыщIыпIи нэзгъэкIуэнукъым ди анэр. Мыбдеж псэуну хуэмейр ирекIуэ нэхъыфIу псэуну къыздыхих щIыпIэм, – жиIащ быдэ дыдэу абы.

4

Пщыхьэщхьэм лэжьапIэм къикIыжу, тIури я лэгъунэм къыщыхутэм, Сарэ занщIэу пидзэжыну пылъащ икIэм намыгъэсауэ къилъыта я зэпсэлъэныгъэм. Ауэ и щхьэгъусэм и мурадыр занщIэу зэпиудащ Сэлмэн икIи быдэу, и щхьэгъусэм и фIэщ зэрыхъунум, зыри зэрыпимыдзыжынум хуэдэу жриIащ и анэр къигъанэу зыщIыпIи зэрымыкIуэнур, и анэри пщIантIэм зэрыдимыгъэкIынур.

Апхуэдэу зэщхьэгъуситIыр ткIийуэ зэпсэлъа нэужь, Сарэ зэ щхьэкIэ нэхъ щабэ къэхъуат. А щытыкIэм иту мазэ гуэрхэри екIуэкIащ, ауэ абы къикIтэкъым ар «етIысэхауэ», атIэ пэплъэт нэхъ игъуэ щихуэнум – сабий щагъуэтынум. ИкIи, а зэманыр къыщысым – Астемыр зыфIаща щIалэ цIыкIур дунейм къыщытехьэм, Сарэ нэхъ ерыщу иужь ихьэжащ и гум щигъафIэ мурадым. Зыми хуэмыдэу Мамыржан зыхэт щытыкIэр иджы нэхъри хьэлъэ дыдэ къыщызыщIар ар сабийм еIэбуи, къиIэтуи имыдэу нысэр къызэрыуврат, «уз гуэр къебгъэщтэнущ» жиIэу. Езыр, зигъэпIийуэ унэм щIэтщ мыхъумэ, унагъуэ Iуэху гуэри и пщэм дигъэхуэну хуейкъым, сыIэфIей-лъэфIейуэ сабийм сеIэб хъунукъым, жиIэу. Иджы зэрыхъуар аращи, нысэр гуащэ хъуащи, гуащэр нысэм ипIэ иуващ. ИтIани и гур игъэкIуэдыну хуейтэкъым Мамыржан: «А цIыкIури адыгэ унагъуэм щапIащ. Дяку къыдэхуа щIыIагъэр мащIэ-мащIэурэ къызэднэкIынщ», – гугъэр и гум щигъафIэт абы. Ауэ псори щхьэгъэпцIэжт. Иджы унагъуэр псыдзэ къыщIэуауэ зэрыхьзэриймм хэхуам хуэдэт. «ДыдэгъэкIи щхьэхуэ зыдгъэщI, жысIэри хъуакъым. И анэр и пхъум и деж игъэкIуэжу дэ тIум ди закъуэу дигъэпсэуну щыжысIэми, абыи еувэлIакъым. Иджы къэнэжыр аращи, – жиIащ Сарэ, – сэ сахэкIынщ». ЗэрыжиIауи ищIащ абы: Астемыр цIыкIур иштэри фэтэр кIуащ, «и къуэри сэри фIыуэ дыкъилъагъумэ Сэлмэн ныткIэлъыкIуэжынщ», – игу илъу.

И нысэмрэ и къуэрылъхумрэ пщIантIэм щыдэкIам, зыми иримыгъэлъагъуу, хъунщ Мамыржан нэпсу щIигъэкIар. Псори езым и лажьэу жиIэу и щхьэр игъеижт. И къуэми мызэ-мытIэу жриIащ: «Нысэр сэ къысхуэмеймэ, абы папщIэ зэхэскъутэну сыхуейкъым фи унагъуэр, фи сабийри адэншэу къэзгъэтэджыну сыхуейкъым». Ауэ къикIуэтын идакъым Сэлмэн, идакъым и щхьэгъусэ гулъытэншэм папщIэ и анэр пщIантIэм и закъуэ къыдинэу ежьэжын, «сыкъэзылъхуа си анэм хуэмейр сэри къысхуейкъым. Зэрыхуейуэ ирепсэу», – жиIэри.

Фэтэрым щыкIуэм Сарэ къыщыхъуащ иIа хъуэпсапIэм и ныкъуэри къехъулIауэ, гугъащ адрей и ныкъуэри и насып къихьыжыну – Сэлмэн къакIэлъыкIуэжыну. Апхуэдэ гупсысэм и гур игъэфIу псэут ар. И щIалэ цIыкIури сабий садым яритащ. Сад Iуэхур зэрызэфIэкIыу езыри лэжьапIэ Iухьащ. МыIейуэ лэжьапщIэ къихьмэ, сабийм папщIэ къэралыр къыдэIэпыкъумэ... Сэлмэни зэман-зэманкIэрэ ахъшэ къахуригъэхьмэ, езыри къакIуэ зэпытмэ, псори хъарзынэ хуэдэт мамыру, гугъэпсэхуу псэун папщIэ, ауэ, сыт, Сарэ и гур ихуэтэкъым тыншыпIэ. АтIэ, сытыт тыншыпIэ къезытынур фIыуэ илъагъу, зыми пимыщI и щхьэгъусэм пэIэщIэмэ, и сабийр адэншэу къэхъумэ... Ахэм егупсысыхукIи, ар щхьэихауэ жиIэну хуэмейми, нэхъри къэщIэращIэу, псэкIэ гугъу ехьт Сарэ. И щхьэгъусэр къыщыкIуэкIи, ар нэхъ псынщIэу и деж къишэжын папщIэ, гуапагъэу зэрыпыкъуэмыкI щыIэтэкъым. Ауэ сыт, къыжмыж хъуам хуэдэти, Сарэ и хъым зригъахуэтэкъым Сэлмэн. Зэзэмызэ и гур нэхъ щабэ къэхъуми, и анэр игу къэкIыжти, зызэтриубыдэжт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гугъапIэ лъэпкъ ириттэкъым и щхьэгъусэм. Апхуэдэу щытми, бзылъхугъэм къимыгъэша цIыхухъу щыIэкъым, жиIэу Сарэ гугъэт зыхуейр мыгувэу къехъулIэну. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуну къыщыхъут Астемыр цIыкIурэ Сэлмэнрэ яку нэхъри щыбыдэ лъагъуныгъэр... Езыми псэкIэ нэхъ къехьэлъэкI хъуат щхьэгъусэншэ зэрыхъуар – щхьэгъусэм и IэфIагъымрэ гуапагъымрэ есауэ псэуа бзылъхугъэр абыхэм пэIэщIэ хъумэ щхьэзакъуэныгъэр къытемыхьэлъэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ар иджы нэхъри зыхищIэ хъуащ Сарэ. Жэщи махуи и нэгум щIэтщ Сэлмэн дигъэкIуа махуэхэр. Иджыри апхуэдэ IэфIыгъэм хэтыну хуейщ, ауэ нэрыгъ ищIауэ, зешыIэ, икIи и щхьэгъусэмрэ езымрэ зы зэрыхъужынум шэч къытрихьэкъыми, абы къару къыхилъхьэу мэпсэу.

Апхуэдэу илъэс заули текIащ, ауэ Сарэ илъагъутэкъым Сэлмэн нэхъ зыкъигъэшын хуэдэ хъууэ. «СыкъакIуэмэ си къуэр слъагъун щхьэкIэщ сыкъыщIэкIуэр, садэIэпыкъумэ, адэм и пщэрылъыр – си къуэр спIын зэрыхуей пщэрылъыр згъэзащIэу аращ мыхъумэ...» – гупсысэт ар, икIи апхуэдэу Iуэхум зэреплъыр тэрэз дыдэу къилъытэт. «ФIыуэ слъагъурэ Сарэ, арыншэу щыт си гъащIэ псом си закъуэу сыпсэуфыну? НэгъуэщI бзылъхугъэ къэсшэжынуи?! Хьэуэ, хьэуэ! Сарэ иужькIэ сэ нэгъуэщI бзылъхугъэ псэуэгъу сщIыфынукъым. Ар щхьэгъэпцIэжщ. Апхуэдэу къыщIэкIынщ зэрыщытыр япэрей лъагъуныгъэр», – гупсысэт ар. Ауэ къэзылъхуа и анэр, и гъащIэ псом гугъу къыдехьу зыпIар и нэгу къыщыщIэувэкIэ, абы япэ зыри иригъэщыжыфтэкъым Сэлмэн. Сарэрэ и щIалэ цIыкIумрэ япэжыжьэу псэуми, абы езым и лажьэ хилъагъуэкъым. «Псори къыздежьар си анэм дэпсэуну хуэмейуэ къызэрыуваращ. Ар дауэ? – гупсысэт ар, – дауэ укъэзылъхуа уи анэм ептын хуей нэмыплъ. Хьэуэ, хьэуэ. Щхьэусыгъуэ гуэркIи мы дунейм теткъым си анэм игу зэрыхэзгъэщIын...». А гупсысэхэм Сэлмэн хэкIухьауэ хэтт лэжьэн иухауэ и машинэмкIэ унэм къыздэкIуэжым. ЩыщIалэм щыгъуэ унагъуэ ищIэмэ и гъащIэр нэхъри IэфI, щIэщыгъуэ хъуну илъытамэ, иджы а гукъэкIыжхэр джэгуэн къэзыщIа гуэру къыщыхъут. Сыт хуэдизу ар хуейт мамыру псэуну, и анэри и щхьэгъусэри зэгурыIуэмэ зэдэIуэжу яхэсыну. Ауэ иджы Сэлмэн гугъэжтэкъым ар къыдэхъужыну. ИмыщIэххэуи а гупсысэ хьэлъэхэм нэхъри зэщIаубыдэ. Апхуэдэу я унэм здэкIуэжым, абы нэсыжыным куэд имыIэжу, зэрыхъуари имыщIэу, и нэр щыункIыфIыкIащ, иIыгъ рулыр IэщIэхури, машинэр гъуэгум тежащ, адэкIэ жыгышхуэ щытым жьэхэмыуэу къызэтеувыIакъым. КъызэтеувыIа щхьэкIэ, сыт и мыхьэнэжт! Хьэбэсабэу зэхэкъутар машинэм и закъуэмэ хъунт...

5

Мазэ заул текIащ а насыпыншагъэр къызэрыхъурэ. А зэманым умыцIыхужыну зихъуэжат Мамыржан. И ныбжьым хуомыгъэфэщэну нэхъри жьыфэ къытеуат. Иджырэ къэс шэщIауэ щыта и нэкIущхьэхэм, джэбэхъым ещхьу, зэлъар къытегъуэлъхьат. И нэгум къыщIихыу щыта гуфIэгъуэр, зэгуэрми щымыIагъэххэм хуэдэу, икIуэсыкIри, уIуплъамэ уи гур щIэмыгъункIэ Iэмал имыIэу, тхьэмыщкIафэ къытеуат. «Сыту насыпыншагъэ псор сэ къыслъэIэсрэт. Пасэу щхьэгъусэр сфIэкIуэдамэ. Си нэм хуэсхьу фIыуэ слъагъу си щIалэр абы кIэлъыкIуэжамэ... Уэ Алыхьышхуэ, сыткIэ уи гур къызэбгъа? Сыт сщIа уи нэIэм сыщIэкIыу», – зиухыжт Мамыржан, жиIэнури ищIэнури имыцIыхужу. Апхуэдэу къыщыщIа псори и гум еуэжри, зыхэпщIэу нэхъ къаруунши къэхъуат. «Си къуэм къыщIэна щIалэ цIыкIури хэт и бжэкъуагъ къуэту псэуну? Ар иIыгъыу ди нысэр къэмыкIуэжмэ, лъапсэншэ дыдэу дыкъэнакъэ? Сыт зищIысыжыр сэ къэзгъэщIэжынури... ИтIанэ ди хапIэри хэкIуэдэжакъэ, псы ирагъэжыхьыжам хуэдэу», – жиIэу и нэпсыр къыфIокIуэ зэпыт.

Мамыржан ипхъу Салимэ цIыкIур къару псомкIи пылъщ и анэм и гур ихъумэным. Псалъэ дахэу жримыIэ щыIэкъым. Ауэ зыри зэхимыхым хуэдэщ Мамыржан.

– Мамэ, апхуэдизу зомыухыж. Зыгуэр пхузэхъуэкIыжынумэ, хъунт, – жеIэ Салимэ, и анэм и гур щIэгъупэу. – Узэрыхуейуэ псори хъутэмэ... ГъащIэми езым и хабзэ гуэр иIэжу хъунщ... Алыхьталэм апхуэдэу тхухихауэ къыщIэкIынт...

Салимэ зэрыхъукIэ къакIуэурэ и анэм къыкIэлъыплъ щхьэкIэ, апхуэдэу дапщэрэ хуэхьыну? Езыми щхьэгъуси, быниши, пщыжьи, гуащи иIэщ. Ар яхэмытмэ дауэ хъуну унагъуэр? Къэнэжыр зыщ: и анэр я деж ишэжынращ. Ауэ, и щIалэр дунейм щытетам и пхъум деж кIуэжыну триубыдауэ щытами, иджы Мамыржан ар ауи идэжкъым, «Си унэжь сыщIэкIыу зыщIыпIи сыкIуэнукъым», – жеIэри. «Апхуэдэу иувыкIами, нэгъуэщI хэкIыпIэ диIэкъым. Тхьэм и шыкуркIэ, си гуащэми си пщыжьми къызжаIащ си анэр сшэжыну, абы зы емыкIуи зэрыхамылъагъуэр. Си щхьэгъусэри аращ», – мэгупсысэ Салимэ.

– Мамэ, къызэдэIуи мы жысIэм еувалIэ. Ди унагъуэм ис псори абыкIэ арэзыщ. МамитIыр фызэбгъэдэсынщ. Абы пудыныгъэ лъэпкъ щIыхэплъэгъуэн щыIэкъым. Уи къуэр псэужатэмэ...

– Си къуэр псэужатэмэ... – хуэмышэчыжу и макъыр иутIыпщри, къэгъащ Мамыржан. – Си къуэр псэужатэмэ... АдэкIи зыгуэр жиIэну хуеящ, ауэ и гур зэфIэнапэри, хужыIэжакъым зы псалъи.

– Мамэ, сэ сыпсэууэ уэ гулъытэншэ ухъунукъым зэгуэрми. Уэ къытхуэпщIар зэрытпшыныжыфын щыIэкъым. Сэ схузэфIэкIатэмэ... – Салими къэгъащ зыхуэмышыIэжу.

Абдеж, мыгугъагъэхххэу я куэбжэм и Iух макъ къэIуащ. Салимэ къыщылъэтри, щхьэгъубжэм дэплъамэ, и гуащэмрэ и пщыжьымрэ – Хъаджэтрэ Темботрэ къакIуэт. КъыфIэкIуа и нэпсхэр псынщIэу щIилъэщIыкIри, зэхэзещхъуэн хъуауэ, абыхэм япежьащ. Гуапэу IэплIэ яхуищIри, щIишащ и анэр зыщIэс пэшым.

– Уи махуэ фIыуэ, Мамыржан. Дауэ ущыт, си шыпхъушхуэ? – жиIэри Хъаджэт гуапэ дыдэу зришэкIащ Мамыржан. Темботи и нэгур зэIухарэ тIэкIуи гуфIэрэ жыпIэну, Мамыржан и Iэр иубыдащ. Салимэ къыгурыIуэтэкъым и гуащэмрэ и пщыжьымрэ къыщIэкIуар икIи адэкIэ жаIэнум хуэгузавэу пэплъэт.

ЗэщIэупщIэнхэр яуха нэужь, Хъаджэт Мамыржан зришэкIри: «Утлъагъуну дыкъэкIуащ, Мамыржан, – жиIащ. – Абы и закъуэкъым: ди нысэр нэмыкIуэжу щытлъагъум дыгузавэри дыкъыкIэлъыкIуащ... Дауэ хъун мыбдеж уи закъуэ упсэууэ, дэ мобдеж дыщыIэу?».

Мамыржан къыгурыIуащ Iуэху ящIу и благъэхэр къыщIэкIуар, икIи зэрыхузэфIэкIкIэ гуапагъэр и нэгу къыщIригъэхыну пылъу иплъащ Хъаджэт и нэгум. ИтIанэ къэпсалъэри:

– Тхьэр арэзы къыфхухъу ар фигу къызэрыкIам папщIэ! Сыту насыпышхуэу фэ цIыху хьэлэмэтхэр Тхьэм фыкъызита. Си гуфIэгъуэшхуэщ сипхъури фи деж насыпыфIэ дыдэ зэрыщыхъуар, – жиIащ.

А псалъэхэр щызэхихым Салимэ и гур псэхужат. ЕщIэж: и дыщым къэкIуэну зыщигъэхьэзырым унагъуэр ирипсэлъауэ щытащ Мамыржан и Iуэхум икIи быдэу я нысэм жраIат и анэм епсалъэу я деж къашэжыну къытригъэнэну. «Ар зэрыпхузэфIэкIыу къэкIуэжи, дахэ цIыкIуу псори дыкIэлъыкIуэнщи, пщIэ иIэу къэтшэжынщ». АтIэ, иджы... Аращ, аращ, сызэрыгувам папщIэ къэкIуащ Iуэхур зыIутыр зрагъэцIыхуну, хуей хъумэ, сыкъыщIэкIуар тыншу зэфIэкIын папщIэ, дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуну...

– Салимэ цIыкIу дэри нысэу тлъытэкъым. Ар дипхъущ. Пхъу диIэтэкъыми, пхъу къызэрымыкIуэу ди Тхьэшхуэм къыдитащ. Апхуэдэ нысэ зэрыдгъуэтар уэри уи фIыщIэщ, Мамыржан. Апхуэдэущ ар уэ зэрыбгъэсар...

А псалъэхэр щызэхихым нэхъ нэжэгужэ къэхъуат Мамыржан, къару гуэри къыхыхьэжам хуэдэу, нэхъ къэгуфIауэ, къыкIэлъыкIуахэм чэзу-чэзуурэ яплъащ.

– ЗэрыпщIэщи, Мамыржан, дэ зы унагъуэм хуэдэу дызэрылъагъуу къокIуэкI. Ди Iыхьэхэр зэхэлъщ. Ди деж унэкIуэжми, ар уи унагъуэм хуэдэщ, – жиIэт Хъаджэт иджы и мурадыр къыдэхъуа дыдэ къыщыхъуарэ гуфIэгъуэр и нэгу къыщIихыу. Темботи зэрыарэзы дыдэр, и щхьэгъусэм жиIэр зэрыдищтэр плъагъуу нэжэгужэу, зэм-зэми и щхьэр бзылъхугъитIым жаIэм дищIу щыст.

– ЖыпIэ псори си фIэщ мэхъу, си шыпхъушхуэ. Тхьэр арэзы къыфхухъу! Ауэ... Фи жагъуэ фымыщI, си унэжь къысхуэгъэнэнукъым. Тхьэм и шыкуркIэ, сызэфIэтщ, си щхьэр зызохьэж...

– Нобэ уи щхьэр зепхьэжми, пщэдей къэхъунур пцIыхукъым. Уи закъуэу упсэуныр хьэлъэщ уздынэсам унэсауэ. Хьэлъэ дыдэщ. Дэ дыхамэкъым. ЗэрыпцIыхущи, уипхъури махуэ къэс къэкIуэфыну къыщIэкIынкъым, – щабэ цIыкIуу къахэпсэлъащ Тембот.

– Пэжщ уэри жыпIэр, ауэ... Хьэуэ, хьэуэ. Сыпсэууэ хапIэр схуэбгынэнукъым. ГъунэгъуфIхэри сиIэщ...

– Мамэ, уэращ мыхэр къытрадзэу къыщIэкIуар. Сэри уэ мыбдеж уи закъуэ ущыIэу псэхупIэ сиIэнукъым, – лъаIуэт Салимэ.

– Сэ жысIэнур жысIащ. Зыми фи жагъуэ фымыщI. Алыхь дыкъэзыгъэщIам нэхъыфIым хуэдэу псори тхузэблихынщ. Арагъэнт абы си натIэм къритхар, – здыжиIэм Мамыржан и нэпсхэр къыфIэкIуэри, и гъы макъыр къыIэщIэкIыным нэсауэ зэщыджащ.

– Дауэ? Дауэ мыпхуэдэу уи закъуэу узэрыпсэун уи гугъэр? А жыхуэпIэ Тхьэми и гур къобгъэнщ зым жиIи зэхомыхыу укъанэмэ. Тхьэми аращ жиIэр: мыхъумэ зэрыхъуу щIы...

– Зэрыхъунум хуэдэу хъуащ. Абы пхуещIэжынукъым зыри. Фи жагъуэ фымыщI, – къызжьэдишащ ерагъыу Мамыржан, икIи иджыри къэс зэтриIыгъа нэпсхэр и нэкIу зэлъам иIэ дурэшхэм къадэлъэдащ. – Аращ, аращ... – къытригъазэурэ жиIэт абы...

Абдеж, зыри пэмыплъауэ, пэшыбжэр къызэIукIащ. ИкIи гуфIэжрэ, «нанэ», «нанэ» жиIэу абы къыщIэлъэдащ Мамыржан и къуэрылъху цIыкIур, Астемыр. Мамыржан ар зэрилъагъуу, къару гуэрым къызэщIиIэтам хуэдэу, псынщIэ дыдэу пIэм къеувэхри къыхуэжэ сабийм пежьащ.

– Нанэ, нанэ – жиIэурэ щIалэ цIыкIур и анэшхуэм бгъэдэлъадэри, быдэрэ быдэу зришэкIащ. Мамыржани и къуэрылъху цIыкIур иIэтри, и IэплIэм иригъэтIысхьауэ и напи и Iупи ба хуещI... Пэшым щIэсхэм къэхъуар къагурымыIуэу, зэ щхьэкIэ зэхэзещхъуэн къэхъуахэу, зэплъыжт. Ауэ зыри жаIэн хущIэмыхьэу Iухауэ къэна бжэм къебэкъуащ иджыпсту зыри зыпэмыплъар – Мамыржан и нысэр, Сарэ.

Ар щилъагъум, абы Салимэ пежьэри, «Къеблагъэ, къеблагъэ» – жиIэурэ IэплIэкъурагъкIэ пэшым къыщIишащ. Щхьэхьу и гуащэм бгъэдыхьэн и гугъами, мо щIэсхэр щилъагъум, къызэтеувыIэжри, Сарэ псом япэ Тембот гуапэу сэлам ирихащ, Хъаджэт бгъэдыхьэри, зришэкIащ. ИтIанэщ и гуащэм деж щынэсар. Абы темыпыIэу къыпэплъэт Мамыржан, икIи и нысэр щыбгъэдыхьэм, гуфIэм къыхэкIри, и нэпсхэр, щхьэрыутIыпщ хъури, къыфIыщIэкIащ. «Къеблагъэ, къеблэгъапэ, си хъыджэбз цIыкIу, къеблагъэ» – жиIэурэ, Астемыр цIыкIу иригъэувэхри, и Iэ гъур цIыкIухэр и нысэм иришэкIащ. «Сыту фIыуэ укъэкIуа, си хъыджэбз цIыкIу» – къытригъазэурэ жиIэт, сабийм зэрепсалъэм хуэдэу, Мамыржан ебзэрабзэт и нысэм, и нэм, и псэм ар хуихьт. Хъаджэтрэ Темботрэ къэхъуар къагурымыIуэу щэхубзэ хъуауэ щыст. Нысэмрэ гуащэмрэ зэрызэхущытым теухуауэ Мамыржан абыхэм Iей гуэри яжримыIами, яцIыхут Сарэ унагъуэр бэлыхь зэрыхидзар, зыми емыдэIуу и сабийр ищтэу зэрежьэжар. Иджы сыт къэхъуар? Сыт хуэдэ мурад иIэу къэкIуауэ пIэрэ иджы?..

6

Ищхьэгъусэр машинэм иукIыу щыщIалъхьэм Сарэ къакIуэри дауэдапщэ псори дэкIыху цIыхухэм яхэтащ, хэт сыт къыхужиIэнуми емыгупсысыжу. Зэ щхьэкIэ Сарэ езыр-езыру триубыдат апхуэдэу ищIэну. Ауэ псори зэрекIуэкIынур и нэгу къыхущIэмыгъыхьэу, зэхэзещхъуэн хъужауэ щыст. Зыми щытримыубыдэфым фэтэркIэ и гъунэгъуу псэу, и щэху псори зрихьэлIэу и дзыхь зригъэз Залинэ ищIэнумкIэ ечэнджэщащ. Сарэ и къекIуэкIыкIар фIыуэ зыщIэ бзылъхугъэм, ехьэкI-къехьэкI имыщIу, Iуэхум зэрегупсысыр кърипхъуэтри занщIэу жиIащ:

– УкъызэдэIунумэ, зэман томыгъэкIыу укIуэн хуейщ. ФIыуэ плъагъуу щыта уи щхьэгъусэр дунейм ехыжащ. Абы хуэгузавэу зэхыхьа цIыхухэм уэ уахэмыту дауэ хъун? Хьэуэ, хьэуэ. Ар ауи хъуххэнкъым. ЗызэщIэкъуэ, уи гур гъэбыди кIуэ уи гуащэм деж, – къытрикъузащ Залинэ. – Сабийр а зэрыхьзэрийм хэпшэну ухуэмеймэ, сэ къысхуэгъанэ.

Залинэ жиIам кууэ егупсыса нэужь, Сарэ еувэлIэпащ абы кърита чэнджэщым, икIи и гуащэм деж кIуэри, гъунэгъухэр, Iыхьлыхэр зэхэтыху щыIащ.

Махуищыр текIа нэужь Сарэ и гуащэм бгъэдыхьэри зришэкIащ, жриIащ лэжьапIэм кIуэжын зэрыхуейр, сабийр я гъунэгъу бзылъхугъэм къызэрыхуигъэнар, адэкIэ зиIэжьэж зэрымыхъунур.

– КIуэ, кIуэ, си хъыджэбз цIыкIу. Сабийр къыппэплъэнущ. Ауэ пцIыхуну сыхуейщ мы дызэрыс хапIэр Астемыр цIыкIу ейуэ зэрыщытыр. Адыгэхэм я хапIэр ябгынэ хабзэкъым икIи сынолъэIу щIалэ цIыкIур лъэпкъыншэ-хапIэншэ умыщIыну, – жиIэри Мамыржан, къызэрыдэхьея и гур ерагъкIэ зэтриIыгъэрэ, зы нэпси къимыгъакIуэу, и нысэм гуапэ дыдэу, и къару къызэрихькIэ зрикъузылIэу, IэплIэ хуищIащ. ИтIанэ къарууэ иIэр зэхуихьэсри:

– Къэбгъанэ, нэмыплъ зэпт, бгъэкIуэд мыхъун щыIэщ, си хъыджэбз цIыкIу, – жиIащ. А псалъэхэм яужькIэ зы напIэ IэтыгъуэкIэ зиущэхущ, жьы Iурыхьэгъуэ нэхъ зригъэгъуэтри, и псалъэм пидзэжащ: – Ахэр укъыздэхъуа уи хапIэрщ, уи бзэрщ, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэрщ. Ахэр тхъумэну ди дадэхэмрэ ди нанэхэмрэ щIэин нэхъыщхьэу къызэрытхуагъэнар зыщомыгъэгъупщэ, си хъыджэбз цIыкIу. АбыкIэ дэ тщыщ дэтхэнэми жэуаплыгъэ дохь... КIуэ, кIуэ, си хъыджэбз цIыкIу, – аргуэру зэ зришэкIыжри иригъэжьэжащ и нысэр.

7

Зэдэпсэу фэтэрым къэкIуэжа нэужь, зы дакъикъи зимыIэжьэу Залинэхэ я деж занщIэу кIуащ Сарэ. Абы гуфIэжу къыпежьащ и щIалэ цIыкIур. Ар къипхъуатэри и IэплIэм ириубыдауэ и напи и Iупи ба хуещI. Абы и нэгум щиплъэм, къэщтэжат Сарэ: иджыри къэс гу зылъимыта къилъэгъуауэ къыщыхъуат абы – и щIалэ цIыкIум и нэгум щIилъэгъуащ и щхьэгъусэу щытар, Сэлмэн. «Пу-пу, мэшэлыхь, къыпачауэ сыту ещхь», – жиIэри и къуэр и бгъэм щIиубыдэри, зэпэIэщIэу зэрыщытрэ зэманышхуэ текIарэ иджыпсту и щыпэлъагъум хуэдэу, быдэу зрикъузылIащ. ИтIанэ, и къуэр япэ зэрыригъэщам тIэкIу щыукIытэжа, «Къысхуэгъэгъу, Залинэ», – жиIэурэ гуапэ дыдэу зришэкIащ и гъунэгъу фызым.

– Уэ сыномыдэIуамэ, а сщIар зэгуэрми си гум ихужынтэкъым, къызэрыдэхьеймэ си гущIэр игъэузу си гъащIэ псор схьынт. ФIыщIэу пхуэсщIыр...

– Хъунщ, хъунщ, йомыгъэлей, – жиIэри Залини зрикъузылIащ Сарэ.

Зэгуэрми хуэмыдэу, иджы Сарэ егупсысыт хъуат и псэукIэ хъунум, и щIалэ цIыкIум и къэкIуэнур зэрыхъунум. Зыпэплъа, зыщIэбэна насыпыр уэм хэкIухьыжа пщэдджыжь уэсэпсу къыщыхъужат.

– Сыт иджы си псэукIэнур, – жиIэу зэупщIыж зэпытт ар. – Унагъуэ сщIэжынуи?! Сэлмэн иужькIэ нэгъуэщI щхьэгъусэ... Хьэуэ, хьэуэ! Ар зэрысщIэн мы дунейм теткъым. ИтIанэ... Сэлмэни сепцIыжакъэ! Дигъэдахэу дяку илъа лъагъуныгъэри джэгуэн сщIыжауэ аракъэ!..

Къытригъазэурэ Сарэ жиIэж зэпытт и гуащэм иужь дыдэу къыжриIа псалъэхэр: «Адыгэхэм хапIэр ябгынэ хабзэкъым икIи сынолъэIу щIалэ цIыкIур лъэпкъыншэ-хапIэншэ умыщIыну». Ар пэжщ... Зыми пэзмыщIу фIыуэ слъагъуу щыта си щхьэгъусэм и фэеплъу къысхуэнар мы щIалэ цIыкIуращ. Сыт хуэдэ насып естыфынур сэ абы? Хъуну атIэ, мамэ и жыIауэ, лъэпкъыншэрэ хапIэншэу ар къэзгъанэ (абдеж Сарэ егупсысыжащ имыщIэхххэу и гуащэм папщIэ иджы япэ дыдэу «мамэ» зэрыжиIам). Пэжщ ар, пэжщ. Апщыгъуэми ар къызгурыIуэт, ауэ зыщхьэдэзгъэIухт, фэ есплътэкъым а псалъэхэм. Сэ сыщыкъуэншащ си гуащэм и пащхьи, си щхьэгъусэм и пащхьи. Иджы, дауи, а псори спшыныжын хуейщ. Ауэ схузэфIэкIыну? Спшыныфыну щыт езыр? Арагъэнщ, арагъэнщ гъащIэм и хабзэр. Уи щхьэ насып закъуэм ущIэбэну, нэгъуэщIхэр умылъагъуу упсэуныр нэхъ насыпыншагъэ инщ. Укъэзыухъуреихьхэри насыпыфIэ хъумэщ уэри насып щыбгъуэтыфынур. Сэ, зэрыхъуамкIэ, си щхьэзакъуэ насыпым нэгъуэщI си Iуэхуакъым. Си гуащэри си щхьэгъусэри насыпыфIэ сщIатэмэ, апщыгъуэрауэ къыщIэкIынт сэри насыпыфIэ дыдэ сыщыхъунур... Мы къыдэуэлIахэри, дауи, къэмыхъуну щытащ. Аращ, аращ. СызыщIэбэна щхьэзакъуэ насыпыр насыпыншагъэ схуэхъуащ.

Абдеж Сарэ хуеящ насыпыншэ дыдэу зилъытэжыну. Ауэ а гупсысэр зэуэ щхьэщыкIри, абы и пIэ къиуващ нэгъуэщI гупсысэ: пщIам къыпхуегъэгъэзэжынукъым. Нэхъыщхьэр а пщIам дерс къыхэпхыу, уи псэукIэр нэгъуэщIу бгъэпсынращ. Мис ар иджы схузэфIэкIыжмэ...

А псори зэригъэзэхуа, а псом егупсыса нэужь, зызэщIикъуэщ, и къуэр ищтэри и гуащэм деж кIуэжащ Сарэ. Апщыгъуэм ар техуащ Хъаджэтрэ Темботрэ Мамыржанхэ я деж къыщыкIуам...

8

Сыкъуаншащ. Къысхуэгъэгъу, мамэ. Къысхуэвгъэгъу фэри, – жиIэри Сарэ захуигъэзащ Хъаджэтрэ Темботрэ. – Сэ тэрэзкъым, тэрэзкъым сызэрыщытар, сщIар. Сэ...

– Пхуэдмыгъэгъуу сыт тщIэн? Мамыржан зэрыува щытыкIэр тлъагъути, ди деж зэрытшэжыным и унафэр тщIыну дыкъэкIуат, – жиIащ щэху дыдэу Хъаджэт. – Ар и закъуэ мыбдеж щыпсэуфынукъым.

Ар щызэхихым Сарэ къэтэджри, и гуащэм етIысылIащ, икIи и Iэ сэмэгур абы и щIыбым гуапэу къыдилъхьэри:

– Хьэуэ, ар и закъуэ къэнэнукъым. Дэ абы и деж, хьэуэ, абы и дежкъым, ди деж сэри Астемыри дыкъэкIуэжащ. ДыкъэкIуэжащ мамэ къытхуигъэгъуфыну щытмэ, – жиIащ.

– Алыхьым и нэфI зыщыхуэн. Сыту си насыпышхуэу фыкъэкIуэжа, си пхъум уриетIуанэщ. Астемыр цIыкIуи си щIалэм ипIэ иуващ. Тхьэр арэзы къыфхухъу. Си къуэр сфIэкIуэдами, насыпыншэу сыкъэвгъэнакъыми, ар зимыуасэ щыIэкъым, си хъыджэбз цIыкIу, – жиIэурэ Мамыржан нэхъри быдэу зрикъузылIащ пхъу къыхуэхъуа нысэр. Сари:

– Хъуну щытмэ, мамэкIэ, гукIи псэкIи си мамэкIэ сыноджэнущ...

– Ар сэркIэ насыпу зэрыримыкъу щыIэкъым...

– Мамэ, си мамэ дыщэ, – жиIэурэ Сарэ и щхьэр Мамыржан и бгъафэм щIилъхьащ.

**2023-2024 гъэ.**

Лъэпкъыбзэр хъумэным — Iуэху зэхэщIыкI

# «Хабзэр зыхъумэр адыгэбзэщ!»

Мыпхуэдэ щхьэщIэдзапIэм щIэту Хьэбэз къуажэм дэт «Нур» сабий IыгъыпIэм и «Лэгъупыкъу гуп»-р къыхашэкIэрэ, егъэджакIуэгъэсакIуэ Аслъэнхэ Земфирэ и къызэгъэпэщыныгъэкIэ дерс зэIуха щекIуэкIащ.

Зэуэ жытIэнщи, ар хуабжьу удэзыхьэхыу, гупсысэ куу щIэлъу, сабий акъылым зэриубыдыным хуэгъэпсауэ къызэгъэпэща хъуащ. ИкIи, нобэ дыхуейщ егъэджакIуэ IэпщIэлъапщIэм игъэхьэзыра дерс телъыджащэр зэрекIуэкIа дыдэм хуэдэу фи пащхьэ итлъхьэну, гъэсакIуэм къигъэсэбэпа Iэмалхэмрэ бгъэдыхьэкIэхэмрэ сэтей тщIын папщIэ. Шэч хэмылъу, Земфири абы къыдэлажьэхэми я лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэр, Iуэху зэхэщIыкIыр щапхъэ яхуэхъуфынущ сабийм лъэпкъыбзэр Iурылъу къэгъэтэджыным телажьэ дэтхэнэми. Дерс хьэзырщ гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпыну.

***

Iуэхур здыщекIуэкIыр адыгэ пщIантIэщ. Дадэ бгъэныщхьэ унэр едыж, нанэ гущэр щIеупскIэ, гущэкъу уэрэд жиIэурэ, сабий нэхъыжьыр еущий.

**Нанэ**: (лэу, лэу….. агъэ жыIэт си сабий)

Макъамэ къоуэр («Дэ адыгэм ди хабзэр аращ»)

Сабийхэр къыщIохьэ гъэсакIуэр яхэту, дадэ бгъэдохьэри сэлам ирах.

**Дадэ:**

Адыгэ хабзэм бзэ дахэ иIэщ,
Адыгэ хабзэм хьэл дахэ хэлъщ.
ЩауэфI-пщащэфIхэри дэ куэду диIэщ,
Дэ дригушхуэу ди напщIэм телъщ.

**ЕзыгъэкIуэкIым:**

ЦIыкIухэ, нобэ дызытепсэлъыхьынур: хабзэ, бзэ, гъэсэныгъэщ.

Хэт ищIэрэ адыгэ псалъэжь абыхэм яхьэлIауэ?

«Уи адэм и щIапIэр гъэдахи, уи анэм дахэу епсалъэ».

«Анэм и бзэ — анэм и псэ».

«Хабзэр уи дамэщи, бзэр уи дунейщ».

**Нанэ**: Тхьэм фигъэпсэу, цIыкIухэ! Нэгъэсауэ фощIэ псалъэжьхэр.

**ЕзыгъэкIуэкIым:**

Сабийр дунейм къытохьэри, япэ зэхихыр анэм и бзэращ. «Агъэ» псалъэщ. «Анэм и бзэ, анэм и псэ». А тIур зэкIэрыпх мыхъунщ. Япэ гущэкъу уэрэд, япэ лъэбакъуэ щыпчым зэхэпх «лъапэдий». Ахэр сабийм и псэм хэпщIауэ къэтэджын хуейщ, абы щыхьэт тохъуэ нобэ ди сабийхэри абы зэрыщIапIыкIар. Абыхэм къыджаIэну усэхэр.

**Усэхэм къоджэ:**

ЦIыхуу щыIэм яIэжщ я бзэ,
Сэри сиIэщ апхуэдэбзэ
ЗэраIэжым хуэдэу я псэ
Хэлъу дади нани я псэ.
А сэ си бзэр адыгэбзэщ,
Пшынэ Iэпэу схуэбзэрабзэу,
Нэрзаныпсым ещхьыркъабзэу
КъобыргъукIыр псынэ къабзэу
Адыгэбзэр щыбзэрабзэм
Адыгэпсэр щымыжей.
ЗымыщIэжыр анэм и бзэр
ГъащIэм куэдрэ щогужьей.

***

Тхьэм къысIурилъхьауэ сиIэщ сэ анэбзэ,
Къару къысхилъхьауэ сэ сегъэбзэрабзэ.
Мис абыкIэ «мамэ» сэ жысIащ
Мис итIанэ «нанэ», «дадэ» жысIэ хъуащ.
Абы пэсщIу зы бзэ мы дунейм темыт
Си бзэ, сыпсэухукIэ фIыуэ услъагъунщ.

***

Абгъуэм къикIыу бзу лъэтэнум
Хуейкъэ дамэр ишэщIын?
ЦIыхум цIыхуу зилъытэнум,
Хуейкъэ и бзэр ищIэжын?

***

Бзэр дэзгъащIэр, тхьэм иузэщI,
Дуней фIыгъуэм щыремыщIэ.
Адыгэ лъэпкъыр дызэкъуэтынщ,
Ди бзэм и щIыхьыр лъагэу тIэтынщ.







**Дадэ:** Тхьэм фигъэпсэу, цIыкIухэ! Нэгъэсауэ фощIэ усэхэр. Ауэ фщIэуэ пIэрэ псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр?

**ЕзыгъэкIуэкIым:** Дадэ, къыбжаIэнщ иджыпсту ахэри. ПсынщIэрыпсалъэм уи бзэм зрегъэужь, бзэ къутэ бзэщIыж жыхуиIэщ ар, уи бзэр зэрыпIурылъыр, зэрыбгъэшэрыуэр къагъэлъагъуэ абыхэм.

***

Къэбыстэ, пIастэ,
Лэныстэ, мастэ.

**Усэрыбжэ:**
«Инэ-мыкъуэ»

Щауэ мыхъу,
Щауэ хъурзэ,
Хъурзэ натIэ,
Хьэ натIищ,
ЛIищ зыукI,
ЗызукIыж,
Аныргъагъ,
Лъэрыгъыпс,
Хьэнтхъупсафэ,
Псафэ екъу,
Къурей накIуэ,
НакIуи тIыс,
ТIыс, Аслъэн!

**ЕзыгъэкIуэкIым:**

**Къуажэхьхэр**

* ЗэкIэрыблаблэу блыным еубгъуа (уанэ).
* Бжьыхьэ хъуамэ плъыжь Iэрамэ, уедзэкъамэ гуащIэ дыдэ (зэрыджэ).
* Уэшх нэужьым уафэм кIапсэ зэмыфэгъуу ирадза (лэгъупыкъу).

**ЕзыгъэкIуэкIым**:
Тхьэм фигъэпсэу! Тэмэмщ. Уи бзэр бгъэбзэрабзэмэ уи хабзэри кIуэдынукъым.

**«Хабзэхэр»**

Адыгэм хабзэ дахэхэр диIэщ, къэтIуэтэнщ ахэри зэрытщIэр.

* Нэхъыжь къыщIыхьэмэ сыт тщIэн хуейр?
* Гъуэгум нэхъыжь ирикIуэмэ и гъуэгу зэпаупщIкъым, благъэкI.
* Нэхъыжьым псы щраткIэ фалъэм и къур хуагъазэ.
* Хьэлъэ зыIыгъым и хьэлъэр хуахь.

**ЕзыгъэкIуэкIым**: Сыт и лъэныкъуэкIи къулейщ ди лъэпкъыр. ДиIэщ адыгэ джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэри. Абы гъэсэныгъэ къыпхелъхьэ, уегъэгупсысэ, уи Iэпкълъэпкъым зрегъэужь, акъыл жану уегъасэ.

НэIуасэ зыхуэтщIынщ апхуэдэ джэгукIэхэм: **«Iэпщэ зэпекъу», «ПыIэзэфIэхь»**.

**ЕзыгъэкIуэкIым**:

Адыгэ хабзэм тету сыт хуэдэ зэхуэсри джэгум хуокIуэж. Лъэпкъхэр зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, я гупсысэкIи, я дуней тетыкIи, я къэфэкIи зэтехуэкъым. «ЩIалэр бгъэуэ мэхуарзэ, пщащэр псым тес кърууэ блосыкI» — хужаIэр адыгэ къафэм траухуащ. АтIэ, дыщIэвгъаплъэ фи лъэгум ди къэфакIуэ гупым.

**Удж къафэр къащI.**

**ЕзыгъэкIуэкIым**:
Нобэрей ди дерсым дызытепсэлъыхьа псоми щыхьэт тохъуэж мыхьэнэшхуэ зиIэ ди уэрэдыр: «Ди адыгэбзэ, ди хабзэ дахэ»

*Ди уэрэд цIыкIур къыхэддзэнщ*
*Дэ ттеухуауэ нывжетIэнщ*
*Дэ дыадыгэу ди бзэр дымыщIэу*
*Ар емыкIу Iейкъэ уей –*
***(тIэунейрэ къытегъэзэж)***
*Анэдэлъхубзэу бзэм я лей*
*Ди гущэ къуапэм и уэрэд*
*Укъыддалъхуащи ди псэм ухуэдэщ,*
*Ди адыгэбзэ уей.*
*Ди хабзэ дахэр тхъумэжынщ.*
*Лъэпкъым хуэфащэу дыкъэхъунщ.*
*Ди адыгэбзэ, ди хабзэ дахэ,*
*Уэ ди лъэпкъ напэ уей!*
*Дэ дыадыгэу хабзэр дымыщIэм –*
*Ар емыкIу Iейкъэ уей!*

**Нанэ**: Адыгэбзэ, адыгэ хабзэ, адыгэ унэ, адыгэ нэмыс. Сыт и уасэ а псалъэ нэсхэр ди щIэблэм яхэлъу къэтэджмэ! Бзэр кIуэдыжмэ лъэпкъри кIуэдыжащ. Ар зыщцыдывмыгъэгъупщэ.

***

Фащэ зыщыгъ псори - мыадыгэ,
Зи бзэ ныкъуэр, ар мыадыгэж!
Адыгэбзэр, бзэм къыпыкIыр и мызакъуэ,
Уи лъым хэтмэ, уэ уадыгэлIщ.

***

Си адыгэ хабзэ, си адыгэ щэн,
Си адыгэ лъэпкъым и цIэр жезыгъэIэр
Сыту уэ удахэ, сыту утэмэм
Си Iэпкълъэпкъ ухэтмэ
Ди лъэпкъыр мыкIуэдын.

**Дадэм:** Адыгэ сабийхэ! Адыгэ цIыхухэ! Дывгъэгъэлажьэ ди бзэр, ижь-ижьыжь лъандэрэ фи адэжьхэм къадэгъуэгурыкIуа ди хабзэ дахэхэр, ди нэмысыр дывгъэхъумэ!

**ЕзыгъэкIуэкIым:**
Ди лъэпкъыр дыхуейщ ефIэкIуэну, зиужьыну!
Ди нэхъыжьыфIхэр къытщхьэщытыну!
Ди бзэр тхъумэжу, нэмысыр тIыгъыжу,
Ди лъэпкъ дахащэм дыхуэпэжынущ!

**АСЛЪЭНХЭ Земфирэ,**
**Хьэбэз къуажэ**

## ТЕЛЕПРОГРАММЭ

щIышылэм (январым) и **22-28**

### ПОНЕДЕЛЬНИК 22

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)
9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (ног.) (0+)
14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (ног.) (0+)
21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

06:30 «Доброе утро» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Школа ЖКХ» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «События недели» (12+)
09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События недели» (12+)
14:35 Х/Ф «Три мушкетёра» 9 серия (12+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События недели» (12+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00: «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События недели» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События недели» (12+)
22:15 «Имена и времена» (12+)
22:35 Х/Ф «Грач» 10 серия (16+)
23:30 «Архыз 24» представляет: «События недели» (12+)

### ВТОРНИК 23

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (черк.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Соседи» (12+)
08:50 «Архыз 24» представляет: «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Кавказская десятка» (16+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Три мушкетера» 10 серия (12+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Имена и времена» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Грача» 11 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### СРЕДА 24

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Дорогами знаний». (карач.) (0+)**
**16:30-Местное время. «Интересный человек среди нас». (карач.) (0+)**
**16:30-Местное время. «Песня в подарок». (карач.) (0+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Ваше право» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Спорт тайм» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Архызский лик» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Учителя» 1 серия (12+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Грач» 12 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ЧЕТВЕРГ 25

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (абаз.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Песни Абазашты». (абаз.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Пульс Республики» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Острый вопрос» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Учителя» 2 серия (12+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

### ПЯТНИЦА 26

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». Информационный выпуск. (6+)**
**9.15-Местное время. «Актуальное интервью». (0+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия».**
**Победитель регионального конкурса «Самый классный «классный» Т.С. Салащенко. (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Горячая линия». В прямом эфире на вопросы телезрителей отвечает**
**министр образования и науки КЧР И.В. Кравченко. (6+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «С чего начинается Родина» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Наша Кухня» (12+)
09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Учителя» 3 серия (12+)
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Полицейский участок» 2 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### СУББОТА 27

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». «Будем здоровы». (0+)**

**АРХЫЗ 24**

07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Имена и времена» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Это твой день» (6+)
15:30 Мультфильм «Пинкод 2» (6+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Я здесь был» (12+)
18:20 «Российское общество знание» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Архипелаг» (12+)
23:25 «Музыка» (16+)

### ВОСКРЕСЕНЬЕ 28

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вес-ти Карачаево-Черкесия. События недели».**
**Итоговая информационная программа. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Тайна Егора» (6+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Я здесь был» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Ровесники» (16+)
23:20 «Музыка» (16+)

@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ, жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БЕМЫРЗЭ Зураб, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 20I0 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2787-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ